


BATIDZA CHIEDZA

 Zvakanaka. Iyi ndiyo here... [Imwe hama inoti, “*Iyi* ndiyo maikirofoni yenyu.”—Mupepeti] Iyi ndiyo huru yachoka iyi? Maita henyu, changamire. [“*Iyi* ndiyo maikirofoni yekutepfenyura.”] Hongu, changamire. Zvakanaka. Ndaona kuti vanga vaine maungira zvisihoma kumashure uko, zvino saka... Mangwanani, shamwari. Muri kundinzwwa zvakanaka here kumashure uko? [Ungano inoti, “Hongu.”] Zvazvimisa izvozvo. Maita henyu.

² Zvirokwazvo ndiri munhu ane rombo rakanaka, mangwanani ano, kuuya pano papuratifomu, mushure mezvapupu zvakanaka zvakadaro zvapihwa; kuedza ku—kuwedzera zvimwe zvisihoma pane zvavataura, kuunza maropafadzo kwatiri sekuitirwa zvakanaka kwataitwa mangwanani ano. Zvino, ndacherechedza kuti vamwe vavo vanga vakanyanya . . .

³ [Muchina wekukudza izwi unokonzera maungira. Imwe hama inoti, “Ndofunga totofaniira kuiisa, iyi, iri pakati, Hama Branham.”—Mupepeti] Zvakanaka, changamire. Zvava nani here?

⁴ Nevamwe vevarume vari pano, matauriro avaita, uye vazhinji vese... Zvino, munhu wese kumusoro kuno anga aine chapupu chakanaka, chinoshamisa. Ndinozvhitenda zvikuru izvozvo, huchapupu hwakanaka ihwohwo hwaShe!

Zvino tava kuenda kuShoko.

⁵ Uye ini, vhiki rino, ndatsunga mumoyo mangu kusachengeta vanhu kwemaawa 2 kana 3 aya, vakagara, vachiteerera kwandiri. Ndinokuudzai kuti sei—ndichidaro, shamwari. Handina fundo, uye ndinogona kungotaura chete nekufemerwa. Zvino, munhu ane fundo, kana achinge afemerwawo, zvakare; asi anogona kutsanangura zvaari kutaura nezvazvo, nedzidzo yake, ogoburitsa mazwi anoita kuti vanhu vazive zvaari kutaura nezvazvo. Ndisina dzidzo, nditonofanira kutora mifananidzo yezvisikwa uye ndoratidza kuburikidza nekufemerwa kwandinako. Uye zvinozviita kuti zvive zvakaoma chaizvo, dzimwe nguva, kuti vanhu vanyatsonzwisisa. Tinoona kuti ndakakanganisika zvikuru pamusoro pazvo kusvika ndazoona muBhaibheri kuti Mwari vakaita maitiro mamwe chetewo, nzira dzimwe chetedzo.

⁶ Tinocherechedza, saJohane Mubhabhatidzi, apo isu tisina kana nhoroondo yedzidzo yake, uyezve, paaka—paakabuda murenje, akatanga kutaura kune—ne...ungano yake, chechi yezuva iroro. Uye tinocherechedza matauriro aakazviita. Akati, “Imi chizvarwa chenyoka.” Munoono, ndizvo zvaakanga

ajaira, zvisikwa nerenje; nemamwe mashoko, chimwe chinhu chinoverevedza nekutsvedzerera, uye chinonyengera. Zvino, mumwewo munhu anogona kunge akakwanisa kuunza rimwewo shoko raigona kunge rakati “vanyengedzi” kana rimwewo shoko raaigona kunge akashandisa kureva izvozvo. Asi Johane akashandisa izwi rekuti “nyoka.” Ndinofunga kuti munhu wose akanzwisisa zvaaitaura nezvazvo.

⁷ Saka zvino akabva ati, “Musatanga kufunga kutaura mukati menyu, kuti, ‘tiri veizvi uye tiri veizvo,’ nekuti ndinoti kwamuri, Mwari vanogona kubva pamatombo aya ari pano,” munoona, munoona, kwete vamwewo vakuru vakadaro. “Mwari vanogona kubva pamatombo aya.” Akazviratidza muzvisikwa.

⁸ Uye, zvakare, “Demo ratoiswa pamudzi wemuti.” Imwe hama yakanaka yakafunda, nekufemerwa kumwe cheteko, inogona kunge yakati, “Achatsakatisa.” Akati, “Demo riri pamudzi wemuti.” Rinoutsakatisa, zvisinei, munoona, saka iye—iye akaziva kuti zvaiva izvo. Akangova nematauriro iwayo, nekuti zvichida haana kumbowana kana fundo zvayo.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

⁹ Ndine zvikumbiro pano zvemunamato. Zvino, zviri izvo shumiro yangu, kunamatira vanorwara. Ndine zvikumbiro muno, zvimwe zvikumbiro zvakatsaurwa chaizvo. Uye ndinoziva kuti mune zvakawanda muno. Uye kana paine vamwe, mangwanani ano, vanoda kurangarirwa? Zvakanaka, kana mukangosimudza maoko enyu kuna Mwari, moti, “Ini . . .” Zvino chingobatai zvikumbiro zvenyu tichinamata.

¹⁰ Baba vedu vari Kudenga, tave kusvika zvino muHutsvene hweNyu, kubudikidza neZita reMwana weNyu Mutsvene, Ishe Jesu, kuti tipe chikumbiro ichi, chemumwe nemumwe wevanhu vanyora zvikumbiro zvavo, zvandinazvo pano muruoko rwangu. Kunyanya mwanasikana mudiki wehama iyi, tsvarakadenga yabvanzurwa mutsaona iya. Ndinonamatira mwana iyeye, Ishe. Uye ndinonamatira zvimwe zvikumbiro zvose. Uye neizvo zvatisiri kuziva zvino, kunze kune avo vasimudza ruoko rwavo; asi Muri Mwari vasina magumo, uye Munoziva chinangwa chese nezvikumbiro zvedu zvese. Tinonamata kuti Mugopindura. Nokuti Makazvivimbisa, tinozvitenda.

¹¹ Uye tinokumbira zvino kuti Mutore mazwi mashoma aya atichaverenga, uye moafemera kwatiri, Ishe, apo takamirira kwaMuri. Dai Mweya Mutsvene waswedera pedyo kune mumwe nemumwe, uye ugotizarurira dudziro yeShoko. Nekuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

¹² [Imwe hama inoti, “Hama Branham, tingamboedza tione kuti inoshanda here?”—Mupepeti] Hongu, changamire, hama, chingozvibatsirai. Zvakanaka chaizvo. Apo ndichivhura zvino, ndine a . . .

¹³ Zvaimboitika kuti ndaigona kurangarira Magwaro angu nezvinhu, ndisina chi—chinyorwa, asi kubva zvandakapfuura 25, izvozvo hazvichashanda zvakanyanya kunaka. Ndinofanira kuzvirangarira nekuzvinyora. Zvino tava kuzo . . .

¹⁴ Zvava nani here? Muri kuzvinzwa zviru nani here? Kwete. Kumashure, vari kuzunguza misoro yavo. Pamwe . . . [Imwe hama inoti, “Munofanira kumira pamberi payo chaipo.”—Mupepeti] Ndinofanira kumira . . . [“Pamberi chaipo.”] Ndizvo. Zvino izvi zvingava sei sezvizvi, muri kuzvinzwa here? Ko ndikadai, zvava nani here? Zvaringana. Zvakanaka.

¹⁵ Zvino ndinoda kukuunzai kuna—kuna Isaya 42:1-7, uyewo nekuna Mateo 4:15-16.

*Tarirai muranda wangu, wandinotsigira;
musanangurwa wangu, anofadza mweya wangu;
ndakaisa mweya wangu pamusoro pake: achavigira
Marudzi mutongo.*

Haangashevedzeri, kana kudanidzira, kana kukonzera kuti izwi rake rinzwike munzira.

*Rutsanga rwakapwanyika haangarwhuni, . . .
nomwenje unopfungaira haangaudzimi: achauza
kururamisirwa muchokwadi.*

Haangakundikani kana kuodzwa moyo, kusvikira agadza kururamisira panyika: uye zvitsuwa zvichamirira murawo wake.

*Zvanzi na . . . JEHOVHA, iye akasika matenga,
ndokuatambanudza; iye akatambanudza nyika,
nezvinobva mairi; iye anopa vanhu vari mairi chingwa,
nemweya kune avo vanofamba mairi:*

*Ini JEHOVHA ndakakudana nomukururama, uye
ndichabata ruoko rwako, . . . ndichakuchengeta, uye
ndikuite sungano yavanhu, nechiedza chaMarudzi;*

*Kuvhura . . . meso asingaoni, kubuditsa . . . vasungwa
kubva mutorongo, navagere murima kubva . . . paimba
yohusungwa.*

¹⁶ Uye zvino muna Mutsvene Mateo 4, kutanga nendima 12, tinoverenga izvi.

*Zvino Jesu akati anzwa kuti Johane akandwa
mutirongo, akaenda Garirea;*

*. . . achibva Nazareta, akauya akagara
muKapenaume, iri pamahombekombe egungwa,
pamhenderekedzo dzeZabhuroni neNafutari:*

*Kuti zvizadziswe zvakarehwa nomuporofita Isaya,
achiti,*

*Nyika yeZabhuroni, nenyika yeNafutari, panzira
yegungwa, mhiri kwaJorodhani, Garirea reMarudzi;*

*Vanhu vakanga vagere murima vakaona chiedza
chikuru, navakanga vagere munyika dzemimvuri yorufu
chiedza chavabudira.*

*Kubva panguva iyeyo Jesu akatanga kuparidza, . . .
achiti, Tendeukai: nokuti ushe hwokudenga
hwaswedera.*

¹⁷ Ishe Varopafadze Shoko raVo! Zvino chidzidzo changu mangwanani ano ndechekuti: *Batidza Chiedza*. Uye nekukasika kwandingagona nako, kuitira kuti mugokwanisa kubuda kuitira hurongwa huri mberi zvino, huripo mumaminitsi angangoita 45.

¹⁸ Munoziva, VaMc Anally, ndinofunga kuti varipo. Ndaona pikiapu yavo panze. Imwe nguva yakapfuura, tainge tigere, imwe yenzendo dzangu dzokutanga kuno kuArizona, dzekunovhima. Tainge tigere kunze uko pedyo neGomo reMashura. Ndakanga ndanzwa nezvaro kwenguva refu, uye ndikanzwa nezvengano dzakawanda dzakanga dzataurwa pamusoro peMashura acho. Ndinorangarira ndichiritsvaga, kekutanga; kwainge kusati kwaedza, uye mumvuri mukuru waiva wakarembera kumabvazuva kwangu, waizivikanwa seMashura acho. Ndakanga ndanzwa nezvemaIndia, kuti vaisatosvika pedyo naro, nekatyiro kavaiita, kuti maSpanish akanga avabata zvine hutsinye mumazuva ekutanga pavaitsvaga goridhe. Vaitaura kuti mweya yakaipa yaigara mariri. Zvose izvi zvakadenha chidokwadokwa changu chekuda kuziva. Asi ndaingova netochi, kuti ndione Mashura acho, kutanga.

¹⁹ Zvino ndakatarisa kusvikira, mushure mechinguva, humambo hwezvava hwakatanga kufamba parima. Uye parakadaro, rakapatsanura rima kubva kuchiedza, ndokusundira rima kumashure. Pakupedzisira, rakakwira kumusoro-soro, pamusoro pegomo, ndokuratidza chaizvo zvaiva Mashura aya. Rakavheneka ndokuratidza zvazvaiva. Uye zvigoritoto nekutya kwose kwandaive nako kweMashura aya, zuva paraipenya musimba raro pamusoro paro, zvose zvakatiza.

²⁰ Zuva ndiro mambo wezviedza zvose panyika ino, muzviedza zvepanyama. Hazvina mhosva kuti tingava nechiedza chekugadzira chakawanda zvakadii, uye kuti mwanzi mikuru yemagetsi yakawanda zvakadii yatinogona kugadzira; zuva iroro richingobuda, zvimwe zvose zvonodzima.

²¹ Ndizvo zvimwe chetezvo neShoko raMwari. Kana Shoko raMwari rasimuka, kutenda zvemweya-mweya kwese, kupengereka kwemasangano nezvimwe, zvinomwararika zvichienda, uye rinoratidza chaizvo zvazviri. Mwari, pakutanga, vakati, “Ngakuve nechiedza.” Chiedza chinouya chete, Chiedza chechokwadi, Mambo chiedza, chinouya neShoko raMwari. Mwari vakapatsanura chiedza kubva kune rima, pakutanga. Uye Shoko raMwari, richiratidzwa, rinogara richipatsanura Chiedza kubva murima.

²² Vanhu vanogona kusimuka neizvi, izvo, kana zvimwewo; zvitevedzwa zvinogona kusimuka, Communism, Fascism, nezvimwe zvitevedzwa zvose zvinogona kusimuka; kutenda zvemweya-mweya, mapoka anotenda zvakatsauka, chero zvazvingava, zvinogona kusimuka. Asi kana mambo Chiedza iyeye weBhaibheri asimuka, kutenda zvemweya-mweya kwose nezvimwe. . . Asi, munoona, tinoziva kuti chiripo, asi kusvikira Chasimbiswa, choratidza Chiedza chaCho; zvino hatina mvumo yekupikisana naCho, nokuti Chinodzima chimwe chiedza chose. Jesu akati, “Shoko remunhu wose ngarive renhema, uye raNgu rive reChokwadi.” Shoko raKe rinokunda mashoko ese emunhu, pamusoro pezvose, chero chipi hacho. Shoko raKe Chiedza.

²³ Uye tinoziva kuti pakutanga kunofanira kunge kwaiva nemhute uye kwakadzimaizika kuine rima, nyika payaitenderera, uye Mwari pava kaziva kuti Vaida chiedza. Zvino, mbeu yaVo yakanga yatova panyika, nokuti Vakanga vaisima imomo. Zvino Vaida chiedza kuti chibuditse mbeu iyoyo, kuita kuti mbeu iyoyo irarame, nokuti mbeu yaitovapo kare.

²⁴ Sezvazvingori muzera rega-rega, Mwari vakafanotiudza zvaizoitika muzera rega-rega. Chinhu choga chaVanoda kuratidzwa kweChiedza chaMwari paGwaro iroro, kuriita kuti rirarame muzera iroro. Kungo. . . ? . . . Uye rinozviiita chero bedzi Chiedza chikakwanisa kusvika kuShoko racho. Kana Shoko riri mbeu ine hupenyu, Chinoiita kuti rirarame kana iri vimbiso yezuva iroro.

²⁵ Unogona kudyara gorosi pane imwe nguva, kana mbeu pane imwe nguva. Dzimwe dzinononoka kumera pane dzimwe, nekuti zvinoenderana nemwaka.

²⁶ Shoko raMwari rinouya mumwaka, murawo nenyasha, nezvimwe zvakadaro, sekufamba kwatakaita tichidzika nemumazera. Uye, nguva imwe neimwe, inovhenekerwa nekuratidzwa kweChiedza chichiparadzira hu—Hupenyu huri muMbeu.

²⁷ NeShoko raMwari, zuva rinopenya nhasi, nokuti zuva chairo ratiri kudakadzwa naro iShoko raMwari rakaratidzwa. Chiedza chezuva chaicho ichi chatinoona kunze hachisi chimwe chinhu kunze kweShoko raMwari, paVakati, “Ngakuve nechiedza.”

²⁸ Uye ko dai Vanga vakati, “Ngakuve nechiedza,” zvino kworega kuva nechiedza? Zvino vainge vasiri Mwari vakataura. Kana Mwari vakati, “Ngakuve,” kunotova. Uye saka tinoona kuti zuva ratiri kudakadzwa naro zvino kuratidzwa kweShoko raMwari rakataurwa muna Genesi.

²⁹ Uye tinocherechedza kuti Chiedza chaMwari chezuva rino Mwanakomana waVo. Chimwe chaiva z-u-v-a; ichi ndiM-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a. M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a ndiro Bhaibheri. Aive ari. . . “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri

kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” VaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” IShoko raMwari, nguva dzose. Aiva Kristu muna Noa. Aiva Kristu muna Mosesi. Aiva Kristu muna Dhavhidhi akatarisa kumusoro, samambo akanga arambwa, paguta; apo, makore 800 akatevera, Kristu akagara ipapo achichema nekuda kweguta, ari Mambo akanga arambwa, sezvaingova Dhavhidhi. Nguva dzose Mweya waKristu. Uye kuratidzwa kuzere kweShoko raMwari kwakaziviswa nemuna Jesu Kristu, Mweya waMwari.

³⁰ Hapana hupenyu hunogona kuuya kunze kwechiedza. Chiedza chinobuditsa; chiedza chinobuditsa hupenyu. Hapagoni kuva nehupenyu—hupenyu pasina chiedza, panyama kana pamweya. Chinofanirwa kuvapo.

³¹ Uye Chiedza chete ndicho chinogona kuuya neShoko raMwari. Shoko raMwari Chiedza kana Richiratidzwa. Ringori Mbeu irere apa, saMwari vakadyara mbeu dzose.

³² Mitumbi yedu yakanga iri panyika pasati. . . zvino, zvino, pasati pava kana nechiedza pano, kana hupenyu pano, kana chimwewo chinhu; calcium, potash, petroleum, nechiedza chemuchadenga, chingavei hacho, waive pano—waive pano Mwari pavakasika nyika. Zvakangotora Shoko raVo rakataurwa kuti unge uripo, sezvarakangoita pahupenyu hwezvinomera, kana hupenyu hwemiti, izvo, kana kuti hupenyu chero hupi zvahwo hungavapo.

³³ Hapana chinogona kurarama, panyama kana pamweya, pasina Chiedza chaVo, uye Shoko raVo Chiedza neHupenyu.

³⁴ Asi kana Vakatumira Chiedza chaVo voChizivisa kuvanhu, uye Chorambwa, zvino munoti kudii nazvo? Ndzivo zvatiri kuda kutaura nezvazvo mangwanani ano, ndiko: kuramba Chiedza ichi, naivo vakaChitumirwa, vochiramba sezvazvaingova kareko. “Tarirai muranda waNgu, WaNdinofarira.” Ndiye Chiedza kuMarudzi. Ndiye Chiedza kunyika. Akanga ari Chiedza chenyika, asi akarambwa. Ndicho chikamu chinusuwisa.

³⁵ Uye chinosangana nechinhano ichocho nguva dzose Mwari pavanoratidza Chiedza chaVo, iyo nyika pachezvayo inoramba chiedza ichocho. Sei? Zvakanyorwa imo muBhaibheri chaimo. Zera rega-rega, Mwari vakatarira Shoko raVo kuzera rega-rega, uye Vanogara vachitumira mumwe munhu kuzoratidza Shoko iroro.

³⁶ Jesu akanga akaporofitwa kwemakore 4,000, kuti Aizouya, Mesiya. Zvino paAkauya, Akaratidza vimbiso yose yaMesiya. Asi zvakadaro vanhu vemunyika, machechi, nevamwe vakadaro, hapana chavaiziva nezvaKe, saka, nokuti vakanga vapinda mune chimwe chinhu chakavatadzisa kuziva iZvi. Zvino ko kana mu—munhu akango. . .

³⁷ Tichatora chikamu chepanyama. Ko kana munhu, akaberekerwa pano kuti afambe muchiedza chezuva iroro, raakasikirwa naMwari, uye, chinhu chokutanga munoziva, anotsinzinya meso ake, omhanyira muimba yepazasi, ovhara gonhi, ovhara maketeni, obva angoramba kucherechedza kuti zuva riri kupenya? Anoramba betsero yaro. Anoramba mwaranzi yaro inodziya, chitubu charo chinopa hupenyu. Anoramba chiedza icho chinopararira kuti aone kwaari kuenda, kwaanobva. Anoramba izvozvo. Ungati kudii kune munhu akavhara maketeni, kana anomhanyira muimba yepasi odzima chiedza chese, kwese-kwese, zvino ongoramba kucherechedza kuti zuva riri kupenya? Pane chakakanganisika nepfungwa dzemunhu iyeye. Chero ani zvake anozviziva. Pfungwa chaidzo dzepanyama dzinokuudza kuti pane chakakanganisika pamunhu iyeye, kuti ari, ari—ari... Pane chaitika kwaari. Arasikirwa nepfungwa dzake.

³⁸ Zvino, ndizvo zvazviri munguva yatiri kurarama, apo munhu anozovifukidza neimwe mhando ye—yepembedzo, kuti asanyatsocherechedza Chiedza cheVhangeri paChiri kupenya sezvaChiri nhasi. Kana munhu akafuratira nemaune kubva paChiri, opinda mune chimwe chinhu obva avhara keteni, oti, “HandiChitende,” pane chakakanganisika pamunhu iyeye. Hapana kana manzvengero. Pane chakakanganisika. Pane chaitika kwaari. Uye tinoona kuti kune zvizhinji, kwazvo zvakadaro nhasi.

³⁹ Zvino, Jesu ndiye aive zvapupu zvole zvevaporofita vakafemerwa. Uye chiporofita chavo chose chakaraidzwa muChiedza muzera raKe, chakanga chakaporofitwa kuzera raKe. Akabatidza kandyera rose reShoko raive muBhaibheri, rakaporofitwa pamusoro paKe. “Mhandara ichabata mimba.” Yakazviita. Zvakanaka. “Zita raKe richanzi Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba veKusingaperi.” Akanga ari. “Uye meso emapofu achaona.” Akaona. Zvole zvakaporofitwa pamusoro paKe, zvakaitika paAkauya panyika.

⁴⁰ Uye kuti vanhu sei vaisazviona, zvaive... Zvinoita sezvisinganzwisike kwatiri zvino, nekuti tiri kutarisa kumashure negirazi rinoratidza kumashure. Asi wakamboziva here, kana ukaramba uchitarira kumashure nenzira iyoyo, unoita tsaona? Ngatitarisei zviri mberi kwedu.

⁴¹ Ndizvo zvavaiita izvozvo. Chikonzero vakaita izvozvo, nokuti vakanga vachirarama muchadzera chechimwe chiedza. Paive nekurarama muchadzera chechiedza cherimwe zuva.

⁴² Uye ndizvo zvandinotenda kuti ndiro dambudziko nepasi rose, shamwari, imhaka yekuti tiri kuedza kurarama muchadzera chechiedza chakapenya mune rimwewo zuva. Chadzera chiedza chenhema.

43 Zvakangofanana nehwerazuva iri mumugwagwa. Tinodzika nemugwagwa toona hwerazuva. Maonero asiri iwo ezuva. Zvino kana wasvikapo, harina chinhu charabuditsa kunze kwechimwewo chinhu chenhema. Nekuti, haugone kufamba muchadzera chezuva, nekuti ihwerazuva, inogara ichikuratidza chimwe chinhu chisipo zvachose.

44 Uye kana vanhu vakaedza kukuudza kuti Jesu Kristu haasi mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, vari kukutungamirira muhwerazuva. Ndizvo chete. Uye paunopinda muchechi wojoinha chechi, chimwe chitendwa chakatonhora kana chimwewo chinhu chakadaro, hapana chinhu chiripo ipapo, chingori chimwe chetecho chawaiva nacho munyika.

45 Rega ndikuudze. Usaramba Chiedza cheVhangeri raJesu Kristu, chinounza mwaranzi inodziya yeMweya Mutsvene pauri, chinokuita chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Usaedza kufamba muchadzera cherimwewo zera. Zvino, chadzera ichocho chinogona kunge changa chakanaka mune rimwe zera iroro, chinogona kunge chaive chakanaka kwavari.

46 Zvakaratidza kudaro muzuva raShe wedu Jesu. Akanga ari Chiedza cheMagwaro chezuva iroro. Akanga ari Chiedza. Akanga asiri Chiedza kusvikira Auya panyika kuzosimbisa Shoko rakavimbiswa. Munoziva, Akati ipapo, “Johane akanga ari chiedza chakajeka uye chinopenya, uye makada kufamba muchiedza chake kwechinguvana.”

47 Zvirokwazvo, nokuti Johane akanga aporofitwa naIsaya, makore 712 asati aberekwa, kuti, “Inzwi reuyo aizodanidzira ari murenje.” Uye zvakare Maraki, wekupedzisira pane vaporofita, makore 400 asati auya, muchitsauko 3 chaMara- . . . chaMaraki, akati, “Tarirai, Ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti agadzire nzira.”

48 Heuno Johane aiva panyika, achiita kuti Shoko iroro rakanyorwa rirarame. Akanga ari izwi reuyo anodanidzira ari murenje, uye akagara . . . akanga zvakare achigadzirirawo nzira Mesiya asati auya. Zvino Jesu akati, “Imi makada kufamba muchiedza chake, nokuti akanga ari chiedza ichocho, chakajeka uye chinopenya.”

49 Zvino Johane, akati, “Zvino ndinofanira kuderera, chiedza changu chinofanira kudzima, nekuti (sei?) ndashanda panguva yangu yakaporofitwa pamusoro pangu. Munzwei iYe! Ndiye waCho iyeye. Muteverei.” Iro kurarama muzuva iroro, kwakaratidza izvi.

50 Zvino, maJudha vaifunga kuti vainamata muChiedza chechokwadi. Vaifunga kuti vainamata, Mwari mumwe chete uyu wavairamba. Iye wacho wavaifunga kuti vari kunamata, vaitomuroverera pamuchinjikwa. Vaitoseka Mwari wacho chaiye, uye vachiMuita chiseko kuvanhu, Mwari wacho chaiye wavaifunga kuti vari kunamata.

⁵¹ Regai nditaure izvi nerukudzo nekuremekedza, asi kuunza Chiedza, nokuti, sekutaura kwaita hama yedu nguva shoma yadarika, tiri kurarama munguva yapera kupfuura zvaunofunga kuti tiri. Rimwe remazuva ano chimwe chinhu chichaitika, nguva inenge yatopera zvachose. Vanhu vachatora munembo wechikara, vasingatombosiva zvavari kuita. “Bofu rikatungamira bofu, vose vanowira mugomba,” Jesu akadaro. Uye tiri kurarama munguva yapera kupfuura zvatinoofunga. Vanhu vazhinji vakatendeseka vanotevera izvozvo, vasingatombosiva zvavari kuita.

⁵² Asi nguva yasvika zvino apo Chiedza chiri kupenya, Chiedza cheVhangeri, musimba raCho rekumuka kwaJesu Kristu, achiZviratidza kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Akagovera izvozvo kuzuva rino. Zvinhu zvaAkavimbisa muzuva rino zvinofanira kuitika muzuva rino. Kana chechi ikasaZvigamuchira, Mwari vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu. Vachauza Mharidzo yaVo, nokuti Vakagara vachizviita. Vachagara vachizviita.

⁵³ Vanhu vachifunga kuti vari kufamba muChiedza, tsika dzemadzibaba, uye, chinhu chokutanga munoziva, vari kufamba muchadzera chechiedza, kwete Chiedza chimwe chetecho, vakaramba Chiedza chaicho chavanoti vari kunamata.

⁵⁴ Mabasa aKe akanyatsosimbisa kuti Aiva Ani. Jesu akati, iYe pachake, “Nzverai Magwaro, nekuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo Acho anopupura nezvaNgu. Ndiani angaNdipomera mhosva yechivi?” Akati, “Ndiani anogona kuratidza kuti Ndakataura chero chinhu, kana chero chirevo chaNdakaita, chekuti Baba veKudenga havana kuchisimbisa kubudikidza neNi?” Zvakaratidza kwamuri kuti ndiYe aiva Chiedza chenguva iyoyo, nokuti zvose zvakaporofitwa kuti Mesiya uyu aizova sezvizvi, uye pano ndokutumbuka kuHupenyu, asi tsika dzavo dzakanga dzavaparadzanisa neChiedza chaicho cheShoko.

⁵⁵ VaFarise, vaSadhuse, vaHerodhi, uye chero zvangava, vakanga vaita kuti nyika isvibiswe, sezvakaita mumazera ose, zvokuti vakanga vasingakwanise kuona Chiedza chaicho. Chakapofomadza maziso avo. Vakanga vajaira kufamba muchadzera, “Zuva rinotevera zvichava *izvi*, uye mangwana zvichava *izvi*. Tichajoinha *izvi*, uye zvichava *izvo*. Tichajoinha *izvo*.” Tinoona kuti ihwerazuva yenhema.

⁵⁶ Jesu Kristu anotongova wemazvirokwazvo nhasi, kumwoyo wemunhu, sezvaAingova. Simba raKe neHupo hwaKe hunorarama zvinongova mazvirokwazvo nhasi sezvazvaive. “Tarirai, kwechinguva chiduku, uye nyika haichazoNdionazve. Kosmos, ‘hurongwa hwenyika,’ havazoNdioni zvakare. Kunyangwezvo, imi muchaNdiona; nokuti Ndichava nemi,

kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Mabasa aNdinoita muchaaıtawo, kunyangwe makuru kune aya muchaaıta, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

⁵⁷ Vimbiso huru iyoyo ndinhasi. Nyika yakapofomara sezvaingava, asi pane kuti “imi muchaNdiona,” uye ndizvo zvıtiri kuedza kuwana nhasi. Zvinorehwa, neVhangeri rakazara, kuratidza Jesu Kristu musimba rerumuko rwaKe, nehuzaro hwese hwevimbiso dzaKe; kuti Mweya Mutsvene uratidze zvinhu izvi nekuzvigadzırısa, izvo Mwari vakavimbisa, uye Vachazviıta. Hongu, changamire.

⁵⁸ Akange anyatsosimbiswa nesho—Shoko uye nemabasa aAkanga achiıta, asi hapana kana mumwe wavo akada kuzvitenda. Akaratidza kuti Chiedza chaKe chaıva Shoko! Shoko rakazvıtaura kuti, “Nzverai Magwaro.”

⁵⁹ Asi tsika dzavo dzavaıgara madziri, chadzera cherimwe zera! Vakati, “Tinotenda Mosesi; Mosesi ndiye watinotenda. Hatizive kuti iWe wakabvepi. Iwe Wakawanepi dzidzo yaKo? Chii chaUnogona kuratidza kuti Uri *iZvi?*”

⁶⁰ Mabasa aKe aıpupura kuti Aıva Ani, dai vakangoverenga Bhaıbheri bedzi. Vakanga vachiRiverenga, asi vakanga vasingaZvioni. “Mabasa aNgu anoNdizivisa.”

⁶¹ Munhu anozivikanwa nemagwaro ake, magwaro eShoko raMwari, kana akatumwa neShoko raMwari uye aine Shoko raMwari. Zvimwe chete muzera rose! Zvagara zvakadaro.

⁶² Hatigoni kurarama nechiedza chanezuro. Chiedza chanezuro inhorooıdo. Hapana chatinozıva nezvacho. Haugone kudziyırwa nhasi nezıva ranezuro rinopenya. Ndiro dambudziko rine makereke nhasi. Ndiro dambudziko rine vanhu, vari kuedza kurarama nezvakaıtıka nezuro. Haugone kudziyırwa nemoto wakapendwa. Zvirokwazvo kwete, hauna kupisa mauri. Zuva ranezuro harina kupisa mariri.

⁶³ Chiedza chezuva chinotumırwa panyika, panyama, kuti chiıbıse tsanga kuitira gohwo riri kuuya. Zuva rimwe nerimwe rinounza zuva idzva. Zuva riri kupenya nhasi, riri kukudza gorosi, muCanada; zuva rimwe chetero, zvino, dai rakanga risina...rakanga risina zuva rakawedzera pane iroro, Chikunguru uno ari kuuya uyu kana Nyamavhuvhu, haraızogona kuıbısa tsanga. Rinofanira kunge rawedzera kusimba uye rasimbisa, zuva rega-rega rinokura nekuıbıva, kuti rigounza tsanga.

⁶⁴ Zvino kana tsanga, pachayo, kana rikatanga kukura, tsanga inouyapo, kana rikagara chaızvo netsanga, rinongoumba tsanga. Zuva nezıva, chikwande chakaıputıra, chi—chikamu checalcium nechero chinopında mairi, zvinoumbika mutsanga chaimo, zuva parınowedzera kusimba.

65 Asi ukatora zuva rinopenya muna Nyamavhuvhu, woriisa pagorosi nhasi, rinozoiuraya. Zvirokwazvo, haugone kuita izvozvo. Inofanira kuuya mumwaka wayo. Naizvozvowo gorosi netsanga zvaMwari zvinofanira kuibva mumwaka wacho, mwaka waRiri. Asi sei zuva... Zvino, gorosi raizofa, michero yaizofa, nezuya rinorarama nhasi, rinopenya nhasi, waro. Goho rayo riri kuuya riri kuibva. Tsanga inofanira kuibva nechiedza.

66 Asi nyaya yacho ndeyekuti, nhasi, tsanga yechechi haidi kuibva. Inoda kugara ichingova zvayaiva kare munguva yaMoody, Sankey, Finney, Knox, Calvin. Vakanga vari raiti, vaive chiedza chenguva iyoyo.

67 Asi ino ndeimwewo nguva. Rino nderimwewo zuva. Uku ndiko kufambira mberi kweVhangeri; Rava kusvika pakukura kwaro. Saka hatigone kurarama mune zvakataurwa naLuther, zvakataurwa naWesley, kana vamwe vavo vose. Tiri kurarama muChiedza chakafanotaurwa nezvacho chezuva rino. Tiri muzera rekereke rechinomwe, kwete zera rekereke rechitatu kana rechina. Tsanga inofanira kukwanisa kuChigamuchira. Kana ikasadaro, inodonha uye haChizorevi chinhu kwairi. Mbeu inoibviswa neChiedza kana ikapfuurira mberi neChiedza.

68 Naizvozvowo kereke inofanira kuunza chingwa chezera rimwe nerimwe, icho Jesu akaraira, kuti, “Munhu achararama neShoko rose rinobuda mumuromo waMwari.”

69 Chingwa chatinoda chiri muBhaibheri. Ndicho chizaruro chizere chehurongwa hwaMwari. Ndicho chizaruro chakazara chaJesu Kristu. Hatiwedzere chinhu kwaChiri, kana kubvisa chinwe chinhu paChiri; ani naani anodaro, zita rake richabviswawo muBhuku reHupenyu. Hatidi kana zvitendwa zvekukwedzera kwaRiri. Rakanyorwa nenzira yaRinofanira kuva. Hatiwedzere chinhu kwaRiri, hapana chatinobvisa kwaRiri, Riparidze sezvaRingori, uye Mwari vari, vanozviratidza. Vimbiso yese yaVakavimbisa, Vanoiratidza zvimwe chetezvo. Hatifanire kubvisa kwaRiri kana kuwedzera kwaRiri. IngoRisiyai riri sezvaRiri.

70 Asi, munoono, nhasi, tinoona vanhu vakaita sezvazvakanga zvakaita muzuva riya, vachiedza kurarama vari muchadzera. Chechi inofanira kuibva sekuibvawo kunoita gorosi, “kuti munhu haangarami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe raMwari, Chingwa cheHupenyu.” Kwete bedzi chikamu cheMashoko; Shoko rimwe nerimwe raMwari, zera rimwe nerimwe! Musangogara muchidya bhinzi nembatatisi nguva dzose. Pane zvimwewo zvinhu zvinofambirana nazvo, patinopinda muchikafu chakakwana cheMabiko makuru aMwari chakawaridzwa pamberi pevanhu vaVo, simba reMweya Mutsvene, ku—kufadza kwaWo, kwesimba neMweya zvakapihwa. “Mabasa aNdinoita muchaaitawo. Nokuti Ndinorarama, nemi munoraramawo zvakare.” Vimbiso

dzakaitwa naJesu kuChechi yaKe, asi zvakadaro nhasi tinoona vanhu vachiedza kudzokera shure-shure mune rimwe zera rakapfuura.

⁷¹ Zera raLuther, raive zera guru. Akaona kukanganisa kwekereke yeKatorike, akaona chirairo. Icho, muprisita wechidiki iyeye, akaona kuti zvakanga zvisiri izvo, “wakanga usiri mutumbi chaiwo waKristu,” chaiva chimedu chechingwa icho—icho vakanga varopafadza. Uye akaona kuti, “waini yakanga isiri Ropa chairo,” asi yaimiririra Ropa. Naizvozvo akapikisa chinhu ichi nekuti awa yenguva iyoyo yakanga yasvika. Uye zvisinei kuti vaiva nevaprisita vangani, uye nezvimwezve zvavaiva nazvo, Mwari vakabata munhu aigona kuita kuti chiedza chipenye. Amen. Akabvuma, “Kururamiswa nokutenda,” zvino akaita kuti chiedza chezera rechiLutherani chipenye. Mushure mekunge ichi chauya, chakararama nguva yacho.

⁷² Kwakauya imwe nguva yekuti kereke ibve pazvivi zvayo, igocheneswa. Kwakauya John Wesley, murume mudiki muAnglican aibva kuEngland uko, aipinda chechi yeAnglican, asi akaona chiedza paVhangeri. Yakanga iri nguva yekuti Zera riya reFiraderfia riuye. Uye paakadaro, akaparidza mabasa echipiri enyasha, kucheneswa neRopa raJesu Kristu. Hapana chaigona kumira muchiedza chakwo. Aionekwa semupengo sezvaive zvakangoita Luther, asi akapikisa zvaiva vamwe vose, ndokuvheneka chiedza, nekuti chaiva chiedza chenguva iyoyo. Mwari vakawana mumwe murume, John Wesley, aigona kubatidza chiedza.

Vakawana pana . . . uye zvakare Luther, akabatidza chiedza chezera iroro.

⁷³ Zvino kwakazochiuya hama dzePentekosti. Vakadzoka muzera ravo, rekudzoreredzwa kwezvipo, kudzoreredza zvipo, zvekutaura nendimi, zvipo zvekupodza, nezvimwe kukereke. Zvino, vakaita chaizvo izvo Magwaro akati vaizoita, uye, pavakazviita, vakazviratidza. Ndizvozvo chaizvo.

⁷⁴ Asi makacherechedza here kuti takafambira mberi tichibva pane izvozvo? Tiri munguva yeMwenga, nguva yekusarudza, nguva iyo (Mwenga) yavakati tichava nayo. “Zvose zvakasiiwa nemupedzachose,” akadaro Joere 2:28, “zvose zvakasiiwa nemupedzachose, mu—muteteni wakadya; uye zvose zvakasiiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemhashu.”

⁷⁵ Rimwe nerimwe remasangano iwayo, kana makaverenga Zvisimbiso Zvinomwe zveBhaibheri, mumwe nomumwe wevavandudzi ivavo vakaenda vakanoparidza Shoko, asi vakasiya chimwe chinhu. Zvino vakaiti mushure mekunge vavandudzi vasisipo, uye chiedza chatanga kudzima? Pane kuti vafambe vachipinda muChiedza chiri mberi, vakazviita sangano. Uye pavakazviita sangano, “Tinotenda Chiedza *ichi*.

Ichi ndicho Chiedza! *Ichi ndicho* chaCho.” Vakaitei? Wesley akabva auya ndokubva abva pavari.

⁷⁶ Wesley akaita sei? Akaita sangano shure kwake, uye munin’ina wake—wake, John na—naCharles, zvino kwakauya Asbury nevaya, uye, mushure memazuva avo, vakaita sangano rainzi chechi yeMethodisti. Vakaitei? Vakaramba Chiedza chiri mberi. Vakangoti, “*Ichi ndicho* Chiedza. *Ichi ndicho* chaCho.”

⁷⁷ Ndokubva kwauya maPentekosti ndokuvaratidza, kuti Mwari vachiri kutumira pasi rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Vachiri kudzikisa simba raVo rekupodza, iro racho ravakaramba. Vakaitei? Vakanyatsofamba vachibva pavari, nekuti chaive chimwe chiedza.

⁷⁸ Chii zvino? Tapfuura makore angaita 60, maPentekosti vaita sangano, “Isu tiri *izvi*, isu tiri *izvo*,” zvino Mwari vakafamba vachibva pazviri; kunze uko, uye vachiunza Mwenga, Musanangurwa, kubva muboka iroro. Zvinova kuti, hakusi kuzova nerimwe zera rechechi. Zera reChechi yeFiradherfia raiva Wesley. Uye Zera reChechi yeRaodhikia ndiro sangano rePentekosti, rinova rose rinopinda rakananga mumunembo wechikara. Ndiro Bhaibheri iroro, sezvanga zvichitaurwa nehama iyi nguva shoma yapfuura. Ichokwadi ichocho. Ndizvozvo. Arimo, ose masangano iwayo, nokuti vakaramba kufamba muChiedza chiri mberi. Vakazviita sangano, uye vachiti, “Tinotenda *izvi*.” Kana Mwari vaita chimwe chinhu, zviongorore neMagwaro.

⁷⁹ VaFarisei vakati, “TinaCho.” VaSadhuse vakati, “TinaCho.” Asi Mwari ndivo vaiva naCho! Mwari vakakiinura ndokuratidza Chiedza. Chakarambwa sezvaChakagara chichiitwa.

⁸⁰ Chechi yeKatorike yakaramba Luther. Wesley akaramba Luther. Uye naizvozvowo maPentekosti vakaramba Wesley.

⁸¹ Uye Mweya Mutsvene nhasi uri kuramba maPentekosti. Muri kungova vetsika uye nokutonhora sevamwe vese. Munhu wose anogona kuzviona izvozvo. Ndinokudai. Ndimi chinhu chiri pedyosa chiripo neBhaibheri, chandinoziva, ndicho chikonzero ndinemi. Asi, teererai, vhurai maziso enyu muone zuva ratiri kurarama mariri! Yave nguva yekuti pakiinurwe zvakare, uye kuti Chiedza chiuye, kuti chibuditse Muti. Bhaibheri rakati, muna Maraki 4, “Vaizotuma nekudzoreredza zvakare Kutenda kwepakutanga kwaiva nevanhu.” Vakazvivimbisa. Vakagara vachizviita. Vakatumira Shoko raVo, uye vaporofita vakauya nokuti Shoko rakauya kuvaporofita, uye vakanga vane Shoko uye vakaRiita kuti rirarame.

⁸² Masangano nehurongwa hwenguva iyoyo zvakavaramba, zera rega-rega, ndizvo zvavachaita nhasi uno. Mwari vanokwanisa nhasi kumutsa munhu zvino sezvaVaingove kareko. Havana kumbosimudza masangano. Bvunzai chero

munyori wenhorondo, tarisai munhorondo; apo sangano rakaita sangano, rakafira ipapo uye harina kuzombomuka zvakare. Mwari vanotaura nedungamunhu. Ndizvozvo.

⁸³ Uye Mwari vakavimbisa kuzviita zvakare mumazuva ekupedzisira, zvino izvozvo Vachazviita. Izvo Mwari vakavimbisa, izvozvo Vachazviita, kubatidza Chiedza chinogona kusimbisa Magwaro akavimbiswa anhasi. Jesu akati, “Sezvazvaive mumazuva a—aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Munoratidza, munoono zvavari kuita. Tarisai pana Jehovha, zvaVakaita, Baba vedu vakaisa zvese panzvimbo.

⁸⁴ Hoyo Roti ari zasi uko munyika, zasi uko muSodhoma, nechivi chose, aine kakudziya. Hoyo mutumwa zasi ikoko achimuparidzira, zvakare.

⁸⁵ Hero boka raAbrahama, Vasanangurwa, vakabuditswa, avo vane vimbiso, vakamirira Mwanakomana zvechokwadi. Roti akanga aitarisirawo mwanakomana, zvakare, asi kwete nenzira iyo Abrahama aimutarisira nayo. Chii chakaitika? Zvave kuda kuitika, Mwari vakaburuka ndokuZviratidza munyama, ndokutaura kuti Vaiva Shoko, nokuti, “Shoko raMwari rinopinza kupfuura munondo unocheka nekumativi 2, uye rinonzvera mifungo iri mumoyo.” Jesu akati, “Ndizvo zvazvichava zvakare, pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Vimbiso idzi ndedzaMwari, dzakataurwa nemiro mo yaJesu Kristu. Zvose matenga nyenya zvichakundika, asi iDzo hadzimbokundika. Mwari vachiri kugona kubva pamatombo kumutsa vana kuna Abrahama. Oo, hongu!

⁸⁶ Tiri murwendo rwedu, zvakangoda kufanana nezvakanga zvakaita Israeri. Israeri, murwendo rwavo, vaitowana mana itsva zuva nezuva, nokuti mana itsva yaidonha. Hatifanirwe kurarama muchiedza chaLuther, kurarama muchiedza cha—chaWesley, kana kurarama muchiedza chePentekosti. Tave mune rimwe zera, Mana itsva.

⁸⁷ Chii chaitika kana vakaedza kuchengeta mana kusvika mangwana? Yaiora. Yaizovauraya. Ndicho chikonzero tine vakawanda vakafa pamweya, vanongonziwo Makristu. Vari kudya chadzera cherimwe zuva. Vari kudya mana yakatosvibiswa kare. Sezvakangoita chikwande pagorosi, kana chikasapinda mugorosi, chinobva pagorosi. Uye kana Chiedza charambwa, hapana kana chimwe chekuita, kushanduka nokuva rima. Chero chikamu chehusiku, chinoramba kuona Chiedza, chinodzokera murima. Ndizvo zvazvinoitawo muEvhangeri, muzera rega-rega zvakaraidzwa kuva saizvozvo. Tiri kurarama munguva iyoyu.

⁸⁸ Mana yanezuro yakasvibiswa. Ndinonzwa vanhu vachiti, “Makore 40 akapfuura, ndakaita *zvakati-nezvakati*.” Ndizvozvo, asi ko nhasi? Ko chechi iri kupfuta? Tinotaura nezvanezuro, ko

kuchechi nhasi? Ko iwe sedungamunhu nhasi? Nokuti, yanezuro haichabatsiri nhasi. Yaive yakanaka nezuro.

⁸⁹ Mharidzo yaLuther yaive chiedza chenguva, sezvaive yaJohn, asi pakabuda chiedza chikuru. Ndizvo zvakanga zviri Luther chiedza chikuru, uye takadakadzwa naye kwechinguva, asi pakazouya chimwe chiedza chakadzima chake. Zvachaifanira kunge chakaita kwaive kubatana naCho; uye Chakaenda kunova rofu rakakwana reChingwa, chakaenda kunova Mana yaMwari yakakwana. Asi vakaita sei? Vakaita sangano. Munhu akapinda mazviri. Panzvimbo yekuti Mwari vazvitungamirire, munhu nehurongwa hwake vakapinda mazviri, ndokuzvipofomadza.

⁹⁰ Oo, Muti weMwenga uyu nhasi, wakachekererwa. Chero bazi risingabereki zvbereko rinochekererwa. Jesu akataura kudaro, Mutsvene Johane 15. Chii chaitika zvino, tinoona kuti vakagurwa, vakachekererwa.

⁹¹ Rangarirai, mwoyo chaiwo womuti uri pakati chaipo pemuti. Muchero unogara uchiibva, nzvimbo yekupedzisira muti unozobereka muchero, kumusoro chaiko kwawo, nokuti ndihwo hutsva hunobva pakati pehupenyu huri mumbeu.

⁹² Muti WeMwenga. Jesu aive Mwenga, Aive Muti. VakaMutema. Akanga ari Muti weHupenyu waiva mubindu reEdheni. VakaMutema ndokuMaturika pamuti wechiRoma, kuti vaMuseke. Chii chaAkaita? Mwari vakaMumutsa kubva kuvakafa, nezuva retatu. Uye nhasi kune Muti weMwenga; Wakatanga kumashure uko pakutanga, kare uko paZuva rePentekosti.

⁹³ Inzwi, imi vanhu vechechi! Chechi haina kubvira yatangira paNicaea, kuRome. Yakatangira muJerusarema, paZuva rePentekosti, pakatangira Chechi. Zvino vakaita sei? Yakangoramba ichiita sangano; Mwari ndokuramba vachicheka matavi. Vakabva vaita sangano rechiLutherani; vakagura matavi. Wesley; vakagura matavi. Pentekosti; vakagura matavi. Kusvikira yasvika . . .

⁹⁴ Asi Mwari vachava neMuti weMwenga! “Zvose zvakadyiwa negwatakwata nezvakadyiwa nemupedzachose, Ndichadzoreredza,” ndizvo zvinotaura Jehovha. Maraki 4 anotidza kuti tichadzoserwa paKutenda kwepakutanga sezvazvaiva paZuva rePentekosti, “Kutenda kwemadzibaba.” Tinotenda kuti kuchauya. Ndinotenda kuti yave nguva yacho zvino. Mapazi asvava uye aoma, uye vachange vachizoabvisa paMuti, kuitira kuti muchero ugozviberekerwa wega pamusoro chaipo peMuti. Oo, ini zvangu!

⁹⁵ Zviedza zvese izvi zvakana. Chechi nhasi ndiyo chiedza chiya kusanganisa nechayakagamuchira nhasi uno. Chiri kupedzisa goho. Sezvatinoona, kuti Muti pachawo, kana . . . Gorosi rinofanira kukura neChiedza, richizvisimudza kubva patsuri kusvika patsanga, uye kubva patsanga

zvichienda mberi. Rinokura neChiedza. Chiedza chemamwe mazera chinongopupurira zera rino. Chiedza chaLuther chaipupurira chi—chiedza chaWesley. Wesley akatakura chiedza chePentekosti. Chiedza chimwe chete, changokudzwa chete neChiedza. Dai vanhu vaingokwanisa kuzviona!

⁹⁶ Imwe nguva yapfuura, ndaiverenga kanyaya kadiki, apo mambokadzi weEngland, (kwete mambokadzi uyu) mumwe mambokadzi, akaenda kunoona kambani yemapepa yakanga ichi gadzira mapepa akanaka samare. Zvino paakava nehurukuro nemukuru wekambani, akafamba naye mairi. Aida kuona kuti bepa rakanaka iri raigadzirwa sei. Akamutora ndokumuratidza michina mikuru yose nezvimwe. Zvino mumazuva iwayo, vaigadzira mapepa nemamvemve. Tinonyatsozvirangarira izvozvo. Saka akapinda mune imwe kamuri ndokuvhura musuwo, zvino pakanga pasina chinhu kunze kwemurwi wemamvemve. Mambokadzi, mukushamisika, akati, “Zviiko zvinhu zvine tsvina izvi?”

⁹⁷ Murume aka . . . mukuru wekambani iyi, ndokuti, “Dzaiva hembe, nezuro. Munoono, dzava netsvina zvino. Hatidzirase, asi ndiro bepa ramangwana.”

Akati, “Handizvinzwisise izvi.”

Akati, “Muchazozvinzwisisa mangwana.”

⁹⁸ Saka pavakaisa mamvemve aya nemumuchina, nemune mamwe matanho ekuchenesa, uye—uye nechimwe chinhu chaifanira kupfuura nemachiri, matanho; paakabuda, akanga ari mapepa akaisvonaka. Mukuru uyu akafunga kuti aizoratidza mambokadzi chimwe chinhu chaasati amboziva. Akaisa mufananidzo wamambokadzi pariri, ndokuudhindira pabepa iri rakanaka. Mambokadzi paakaugamuchira, akaona mufananidzo wake mune zvaimbova mamvemve ane tsvina, nezuro, nekuti akapinda nemune mamwe matanho.

⁹⁹ Oo, dai Luther, Wesley, nevamwe vose, vaigona kuzviona, kuti zvinhu zvanezuro zvinogona kushandiswa chete pazvinenge zvichipfuura nemumatanho! Kana Mwya Mutsvene wazarura Chiedza, kubva pakururamiswa kuenda pakucheneswa, kusvika parubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye zvino nguva yekupedzisira yeKuuya kwaKristu; inazvo mumufananidzo, kwete wamambokadzi, asi waMambo weKudenga anozvimiririra pachaKe, apo kereke yave pedyo nekuva vashoma, seshumiro inofanira kuva mhando imwe chete yeshumiro yaAiva nayo.

¹⁰⁰ Avo vakafa muzera raLuther, zasi pazasi pepiramidhi, sekuti; kwete dzidziso yepiramidhi, asi semuenzaniso chete.

¹⁰¹ Piramidhi iyoyo yakanyatsokwana, kana ani wenyu akamboveko. Haugone kupfekera reza, zvachose. A—vakanga asina dhaka mairi, sokuziva kwedu. Mavakirwo ayo akanga akanaka kwazvo! Zvino, vakarasa dombo repamusoro. Havazivi

kwariri. Zvino dombo repamusoro parinodzoka, richangove rakafanana nemamwe ose, richapindirana nedombo rakasiwa rakavhurika. Kana uchazofanira kuisa dombo repamusoro pairi, zvichazofanirwa kuve saizvozvo.

¹⁰² Zvino Jesu paachadzoka, Achawana Chechi yakashambidzwa, isina gwapa kana kuunyana, uye ichange iri shumiro imwe chete yaAkava nayo. Ichadzosa Dombo repamusoro.

¹⁰³ Seruoko rwangu pano, mumumvuri. Mumvuri, chete unowedzera kusviba apo ruoko rwangu rwunowedzera... Mumvuri *apa*, chinopa mumvuri *apa*. Semumvuri nechinopa mumvuri, unowedzera kusviba; nakusviba, nakusviba, nakusviba, zvino pakupedzisira zvinobatana pamwe chete, zvino mumvuri nechiri kupa mumvuri zvinova chinhu chimwe chete.

¹⁰⁴ Ndipo apo Chechi naKristu vanosangana pamwe chete, seMwenga, neMweya mumwe chete wakanga uri maAri uchava paUri; kana Chechi iyoyo yabva mukururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ichipinda mumazuva ekupedzisira, uye ichinotesva zvino paKuuya kwaShe.

¹⁰⁵ Oo, usava chikamu chakakwasharara paIri, hama yechiPentekosti. Penya neShoko ugotenda chikamu chaRo chose. Usabude uchinopinda muzvitevedzwa izvi nezvimwe, sezvatiri kuona zvichiitika nhasi. Musashamiswa nazvo, nokuti Dombo repamusoro riri kuuya, richidanidzira kuti, “Abha, Baba,” nenguva isipi, “Mwari wangu! Mwari wangu!” Hongu, ndinozvitenda izvozvo nemoyo wangu wose.

¹⁰⁶ Unozviona here? Munoziva zvandiri kureva? NdiKristu zvino achitora mamvemve anezuro, Lutherani, Methodisti, Presbyteriani, nemamwe akadaro, zvino Ari kuapinza nemumatanho. Imhando ipi yematanho? Matanho eMweya Mutsvene; zvavakava nazvo, nezvawedzerwa; achizviita kusvikira Ave kudhinda mufananidzo waKe Amene, apo Chechi naKristu vanova mumwe mukubatana. Mwari, zviiteiwo! Ndinovimba kuti munozviona. Kana mukazviona...

¹⁰⁷ Zvinondiyechidza imwe nyaya, iyo apo rumutsiriro ru-rukuru rwechiWelsh parwaivapo. Vamwe varume vakuru vemuno munyika vakafunga kuti vaende kunoona rumutsiriro rwechiWelsh, kuti zvii zvaiitika. Zvino pavakaendako, kuti vanozvionera, vaone kuti rwaiitirwa muchivakwa chipi. Pavakasvika kuWales, vakatenderera-tenderera, vakatanga kubvunza zvekwaive nechivakwa chacho. Vakaona mupurisa mudiki aifara akamira pakona, akapfeka kangowani kake kechipurisa, uye akanga achivheyesa-vheyesa tsvimbo yake saizvozvo. Zvino saka varume ava vakafamba vachiuya kwaari, zvino vakati, “Changamire, mungandiudzewo here

kuti rumutsiro rwechiWelsh rwuri kuitirwa muchivakwa chipi?”

¹⁰⁸ Akati, “Hongu, changamire, ndini wacho! Ndini wacho!” Sei? Akanga ari kuratidza mufaro pamwe neChiedza cherumutsiro rwechiWelsh—Welsh rwaive maari.

¹⁰⁹ Ndizvo zvinofanira kuita kereke yePentekosti nhasi, ichibvunza, “Ndiani wacho Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi?” Chiedza chaKe cheEvhangeri yaKe chinofanira kupenya neShoko rezera rino, chichizivisa Jesu Kristu kunyika, sezvazvaiva panguva kareko.

¹¹⁰ Aive akanyatsozadzwa nerumutsiro rwechiWelsh kusvika ava iye rumutsiro rwechiWelsh.

¹¹¹ Tinofanira kunyatsozadzwa naKristu kusvikira isu—isu toratidza iYe musimba reShoko raKe rakagoverwa kwatiri riri rezuva rino. Hama, musaderedzwa muzvinhu zvenyika, musadaro, izvi zvamunofunganya zvepanyika zvinokubvisai. Garai neVhangeri. Tarisai Shoko rose! Musadzokere kune zvakataurwa nevamwewo baba. Handei iye zvino kune zvakarehwa naJesu kuti zvaizoitika muzuva rino. Hongu, changamire. Tinofanira kuva Chiedza chezera rino, tichiratidza Vhangeri. Luther aiva chiedza chake. Wesley nechiedza chake, Pentekosti yaive chiedza chake. Asi, tave kumberimberu kwemugwagwa zvino, tiri kupinda muMwenga, wakadanwa, Wakasanangurwa. Rangarirai, kana uri saizvozvo, wakangofanana nemupurisa uya, aive naRwo maari.

¹¹² Rangarirai, rino izera rechechi yechinomwe, Zera reChechi yeRaodhikia. Maererano naZvakazarurwa 3, vanoramba Kristu. Pazera rega-rega rekereke rakataurwa muBhaibheri, Zera reRaodhikia ndiro rakanga rakaipisisa kupfuura mamwe ose. RakaMudzingira kunze, rikaMuramba, ndokuMuisa panze.

¹¹³ Makaona here mwedzi uchidzima, humwe husiku, papa asati aenda kuRome, kubva kuRome achienda kuJerusalem? Jerusalem, kereke yekaresa; mwedzi mufananidzo wechechi, unogara uchiratidza chiedza chezuva, kana pasina zuva, zvino wakadzima. Ndakazvidhirowa pabhodhi pano, makore 3 kana 4 akapfuura, ndokuratidza machechi, mumazana nezviuru zvedzimba munyika yose. Chaiva chii? Mumvuri. Kekutanga papa paakambobva, kuti auye kuno, achiuya mu—muzita raPauro, nezvimwe zvakadaro, akadzika nomunzvimbo idzodzo; akatozoropafadza rwizi, kuti arwuyambuke, nezvimwe zvakadaro. Ko rwi—rwizi rwunodirei ropafadzo?

¹¹⁴ Chii chiri kunetsa nezera rino rekereke ratiri kurarama mariri nhasi? Hamusi kuzviona here? Mwari vachizvizivisa mumatenga, vachizvizivisa muShoko raVo, vachizvizivisa pabepanhau, vachizvizivisa pakati pevanhu? Hamugone kuvhura maziso enyu moonu nguva yacho here? Izvi ndizvo zvinopupura Chokwadi. Ichi ndicho Chiedza chenguva.

115 Tarisai kufamba kukuru kwemakereke ose, kuri kuzopinda mukanzuru iyi kumusoro uko zvino, vari kungogadzira mufananidzo wechikara, muna Zvakazarurwa 17, chaizvo zvayakati vaizoita. Imi vanhu vePentekosti mucharamba makanyarara pazviri mopinda mazviri? Nguva yekumanikidzwa yasvika.

116 Ino ndiyo nguva yekumuka nekugadzirisa rambi rako, wopenya neVhangeri raJesu Kristu neSimba.

117 Ndinoziva kuti izvi hazvifarirwe, apo vazhinji veshamwari dzangu dzePentekosti vakagara napapa nezvimwe, ndokuti, “Manzwiwo chaiwo emweya.” Kwandiri, hazvi—hazvisizvo. Zvinopesana neBhaibheri. Shoko raMwari ngarive reChokwadi. Hongu, changamire. Yasvika nguva zvino. Tinoona kufamba kukuru uku kuri kuitika mu...Oo, zvinotaridzika zvakanaka kuziso renyama, chokwadi.

118 Kayafasi aitaridzika zvakanaka kune zvaakanga achiratidza kuvapisita, muzuva iroro, zuva rose iroro. Asi Jesu ndiye aiva Chiedza chaiita kuti Shoko rirarame, asi makanzuru avo nezvimwe zvakadaro zvakananga zvapofomadza maziso avo kwaChiri. Akati, “Varegei vakadaro; bofu rikatungamirira bofu, vose vachawira mugoronga.”

119 Tadzokera kunguva iyoyo zvakare, hama nehanzvadzi. Tadzokera kuawa iyoyo zvakare. Cherechedzai. Sei? Chikonzero chimwe chete.

120 Tinoona kuti zvi—zviedza zvikuru izvi zvatakagara mazviri, mumazuva akapfuura, zvaive zvakanaka, hatina chatinopesana nazvo. Asi, Zera rino reChechi yeRaodhikia, chenjerai, rangarirai, rakaramba Kristu. Uye ndizvo chaizvo zvariri zvino.

121 Kanzuru huru iyi yatenderera, kubatanidza maProtestanti ose pamwe chete, kufamba kwemakereke ose uku. Zvino zvirikuiti? Zviri kudzima Shoko racho chairo, pacharo, uye Shoko ndiKristu. Vangazviita sei? Apo, veChristian Science, neUnited Brethren, nevanhu vazhinji vavo vari mune mamwe masanganano makuru, vamwe vanotenda kuberekwa nemhandara, vamwe havatendi, vamwe vanotenda *ichi nechochi*. Ungazvibanidza sei nekusatenda? “Ko 2 vangafamba sei pamwe chete vasina kuwirirana?” Ibvai pakati pavo mugopatsanurwa, mutore Shoko Dzvene raMwari mugogara naRo.

122 Jesu Kristu anosungirwa kuratidza Shoko raKe. Chinhu chatinoda nhasi kusimuka kwaMaraki 4. Mumwe muporofita achasimuka muZita raIshe Jesu Kristu, uye agoburitsa chaizvo zvaAkavimbisa kuita. Zvino, munhu noupofu anoChisiya ofamba achipinda murima, sezvavakagara vachiita.

123 Tarisai zvino, tinoona, chikonzero chimwe chete, icho nhasi, chavanorambira, machechi anoramba Mharidzo, voroverera Shoko, vobuditsa Shoko kunze. Zvino kana usiri

mairi, hautombogone—hautombogone kuva nechechi yako. Vanozoivhara. Unofanira kupinda mairi. Kana ukasazviita, unovharwa. Zvino munozodini nazvo? Oo, miririra Izvo zvakarurama! Rangarirai, inguva yekurovererwa zvakare, potse.

¹²⁴ Chiedza chenhema chakakonzera hugororo hukurusa—hukurusa hwati hwakamboitwa pasi rose, muEngland, kasiri kare. Hugororo hukurusa hwati hwakamboitwa, hwakaitwa nechiedza chenhema. Kubiwa kwemadhora 7 miriyoni kwakaitwa nechiedza chenhema chakaita kuti chitima chifambe zvishoma, uye Scotland Yards haina kuwana munhu uyu. Vakabudirira pazviri, zvakachenjera. Ikoko kwakazivikanwa sehugororo hukurusa hwakamboitwa namakororo, panyama. Hwakabira nyika, zvehugororo hwayo hukurusa.

¹²⁵ Uye hugororo hukurusa hwati hwamboitwa kukereke yaJesu Kristu, hunoitwa nechiedza chenhema, chadzera cherimwe zera, uye vachiramba Chiedza chakafanotaurwa chezera rino. Amen. Chiedza chenhema, chadzera chanezuro! Usafambe muchadzera chanezuro. Famba mukudziya kweMwanakomana nhasi. Usazvivharira muketeni resangano, uchiti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.”

¹²⁶ Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda: muZita raNgu vachadzina madhimoni, vachataura nendimi itsva. Zviratidzo izvi zvichavatevera.”

¹²⁷ Vanoti, “Zvakanakira vaapostora; kwete isu.” Ichadzera ichocho.

¹²⁸ Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda, pasi rose.” Hongu, changamire.

¹²⁹ Zvino dambudziko nderei? Kufamba muchadzera, kwakonzera hugororo hukurusa, kwabvisa Kristu muchechi. Munoono, Kristu angaZviratidze sei muShoko rakavimbiswa nhasi, kubudikidza nechimwe chitendwa chanezuro chikatonhora? Hachidziise Mbeu. Kwete, changamire. Kubirwa kukurusa kwechechi!

¹³⁰ Kudziya? Uye, rangarirai, chiedza chinotonhora chechitendwa ichocho hachiibvise Mbeu yanhasi. Chinotadzisa Mbeu. Imhute iri panyika, kusviba kwayo. Yave nguva yekuti Mwari vasimuke vagobatidza Chiedza zvakare, vagoita kuti Shoko raVo rirarame. Zvirokwazvo, Chiedza! Chitendwa chinotonhora ichocho hachiibvise Mbeu. Zvirokwazvo hachizodaro.

Uye, rangarirai, budiro yehungwaru yakafamba nezuva.

¹³¹ Sezvandakuudzai pakutanga, ndinofanira kutarisa mifananidzo, mafambiro anoita zvisikwa. Handina dzidzo yekuzviita; handitoidi. Ndingasva hangu ndava nezvandinazvo, pane dzidzo yose iri munyika. Ndina Jesu Kristu. NdinoMuona

achirarama Shoko raKe chaizvoizvo, uye ndizvo zvoga zvandinoda kuziva.

¹³² Zvino kana munhu akaberekwa neMweya waMwari, anonzvera Gwaro kuti aone kana Riri mhinduro yanhasi. Mhinduro yezuva ranhasi ndiKristu. Kristu iShoko. Kana Shoko rava benyu, rinoratidza Chiedza chakavimbiswa chanhasi. MuZera rino rerima reRaodhikia, vashoma chete, “Vose vaNdinogamuchira, Ndinorange, Ndinotsiura. Tendeuka,” Jesu akadaro, “uye udzokezve.” Tendeukira kuShoko. Ndiye Shoko. Huya kwaAri. Hongu, changamire.

¹³³ Tarisai Chiedza. Chakabva kuMabvazuva, chichienda kumadokero. Tave kuWest Coast. Chakanga chine matanho 3, handizvo here? Chakanga chiine matanho 3. Chakayambuka mvura, ka 3. Kubva kuna Pauro, nokuyambuka Mediterranean, ndokuuya muGermany, Germany ndokubaka naLuther; chikayambuka English Channel, chichinopinda muUnited States uye zvino. . .kupinda mu—kuEngland; zvino, England, Chakayambuka Pacific, kuenda kuUnited States. Zvino chakashanda nzira yacho nemumharidzo yaLuther, chichienda chichidzika, kusvikira chikamu chekupedzisira chaCho chive kuno kuWest Coast zvakare.

¹³⁴ Uye kubva pakuibva kwetsanga, kubva nzira yacho yose kubva kuna Luther, nzira yose zvichidzika nemuzera, chinofanira kuva huzaro hweEvhangeri zvino, Simba raMwari rinoibvisa. Chiedza chakaratidzwa kubudikidza nekukuramiswa, kucheneswa, zera repentekosti, chinofanira kuibvisa Muti weMwenga kuitira Kuuya kwaIshe Jesu Kristu; kuti Kristu aratidzwe muChechi yaKe, seMunhu mumwe chete, iYe neMudzimai waKe, iYe neMwenga waKe. Amen. Ino ndiyo nguva yatiri kurarama. Ichi ndicho Chiedza chezuva. Fambai maChiri! “Poneswai, imi mativi ose enyika.”

¹³⁵ Chadzera chechechi chezuva rino changa chichinyengera zvikuru, Jesu akadaro muna Mateo 24. Akati, “Zvaizonyengera vasanangurwa chaivo dai zvaibvira.” Munoono, kwete Luther aisagamuchira. . .Luther aisakwanisa kunyengera muMethodisti. MuMethodisti aisakwanisa kunyengera muPentekosti. Ndizvozvo, munoono, asi ko Mwenga? Ndizvo zvakavhara maziso emaPentekosti. Hongu. Munoono, makadzokera kuchitendwa chenyu, kuchimiro chenyu, mukaita sangano, mukawana boka revanhu vanokuudzai zvekuita.

¹³⁶ Bhaibheri rinovimbisa zvinhu izvi. Tinoda varume nevakadzi vakazadzwa neMweya waMwari.

¹³⁷ Kana ukati une Mweya waMwari mauri, uye Mwari voita imwe vimbiso muno uMu, ko Mweya Mutsvene iwoyo ungaZvisimbisa sei, woti, “Honguka, zvingangonakira rimwe zera. Isu hatiZvitende nenzira iyoyo?” Hausi Mweya Mutsvene iwoyo.

138 Munhu akazadzwa naMwari, iye neShoko chinhu chimwe. Zvirokwazvo, ndizvozvo. Chibereko chekubatanidzwa, kubatana kwaMwari nemunhu.

139 Ko mudzimai, anozova sei murume wemunhu, achipesana, achiita zvinhu zvaasingadi kuti mudzimai aite? Tingatamba sei nenyika, nemasangano emachechi nemasangano, toramba Chiedza chenguva? Zvingaitwa sei, hama nehanzvadzi? Norudo rwehumwari neruremekedzo kune mumwe nomumwe wenyu, tingagamuchira sei zvinhu izvi? Tingazvinzwa sei? Zvinotidzokera isu zvakare.

140 Musapomera maLutherani; nokuti, vakawanira chiKatorike mhosva. Musapomera Wesley; nokuti, akawanira maLutherani mhosva. Munoono, saizvozvo, kana muchipomera Chinhu chiri kuitika nhasi uye mofuratira muchibva kwaChiri; pamunoono machechi enyu achipinda mukufamba uku kukuru kwemakereke, nezvimwe zvakadaro, zvichikutungamirirai, mumwe nomumwe, kupinda mumunembo wechikara, zvino mava nawo. Vanhu vakawanda vane mwoyo yakatendeseka vanofamba vakananga mauri.

Unoti, “Vanhu vakanaka, vanhu vatsvene.”

141 Ndizvo zvakanga zvakaitawo vapisita vaye. Kana ndaizofanira kutora hutsvene hwaJesu Kristu, kana zvibereko zveMweya, vazhinji venyu makaenda pane izvi . . . Zvino, handisi kuzvishaisa maturo. Ndinotenda Shoko rose razvo.

142 Vazhinji vachati, “Oo, ndakataura nendimi. NdinaWo.” HandiWo. Kwete, changamire.

Vazhinji vavo vanoti, “Chibereko cheMweya, ndiWo.” NdiWo here?

143 Ngatiisei Jesu pakutongwa (Mwari, ndiregerereiwo) kwechingvana. Ngatikuunzei, uye ini ndichava muprisita. Ndichati kwamuri, “Muchinda wechidiki Uyu, akapinda muguta, anonzi Jesu weNazareta. MusaMuteererere. Tinotenda chibereko cheMweya. Zvino tarisai pano, muprisita wenyu wakare ane mutsa. Iye, sekuru vake, baba vasekuru vake, vese vaiva vapisita. Akazvipira, hupenyu hwake hwese wehudiki. Akagara museminari chaimo. Akatarisa, akatenda, iye—iye akaita zvose zvavakatongomudzidzisa. Anoziva Gwaro, kubva kuna A kusvika Z. AnotoRinyora, pachake. Anonyora Magwaro, pachake, vanyori vanodaro. Uye heunoi uyu, murume mukuru! Munoziva kuti atori.

144 “Chii chakaitika amai vako pavaikubereka? Ndiani akamira parutivi rwemubhedha wako? Muprisita iyeye mutana ane mutsa. Mai nababa pavakanga voda kurambana, ndiani akavambundira vose vari vaviri akavadzosa kuna Mwari? Muprisita iyeye mutana ane mutsa. Ehe.

¹⁴⁵ “Zvino pano Jehovha anoda gwayana rechibairo, chechivi. Vanamuzvinabhizimu, vanogara mumaguta muno uye vano—vanotengesa zvinhu zvavo, ne—nezvimwe zvakadaro, zvinhu zvavo uye zvigadzirwa, uye nechero chavanenge vachizotengesa. Havachengeti makwayana. Zvino vaprisita vakaitei? Vakagadzira nzvimbo yokutengesera kumusoro uko, yokuti vatengese makwayana, kuti murume uyu agone kupinda, achenese mweya wake naJehovha.

¹⁴⁶ “Ko muchinda uyu, Jesu weNazareta, akaitei? Akabva kuchechi ipi? Nderipi sangano raAri? Ane kadhi ripi reruwadzano? TichaMudzingira kunze. Hatisi kuzwana chekuita naYe, nokuti Anopomera mumwe nomumwe wedu. Chii chaAkaita? Akaenda kumusoro uko ndokutora izvo, apo vanhu vari kuedza kuti mweya yavo iponeswe, iyo kereke,” sezvatinoidana nhasi, imi vanhu vemweya, “Akakavira pasi tafura, akakandira kunze mari; akatora tambo ndokudziruka pamwe chete, ndokuvatinhira panze; akadana muprisita wenyu uya mutana ane humwari kuti, ‘mwanakomana wadhiyabhore,’ mutana uya ane mutsa akakukweretesa mari iya pawaive mudambudziko.

¹⁴⁷ “Ndiani achamira newe achikuviga kana wafa? Muprisita iyeye mutana ane mutsa. Ane chibereko cheMweya. Asi Jesu weNazareta uyu ane chibereko cheMweya here?”

¹⁴⁸ Haukwanise kuziva nekutaura nendimi, kana kuziva nechibereko cheMweya. Asi kuratidzwa kweShoko raMwari, raunzwa muChiedza. Chiedza ndicho chinozviita.

Murume anofamba muChiedza ichocho! Jesu Kristu akanga asingazviisi pakutaura nendimi, kunyange hazvo Akazviita. Akanga asiri chibereko cheMweya, kunyange hazvo Akadaro. Waisagona kuzviziva. Asi Akatenda akaZvisimbisa, uye Mwari vakarama Shoko rose revimbiso yezuva iroro kubudikidza naYe. Ndicho Chiedza chenguva. Ndiwo humbowo hwacho.

¹⁴⁹ Kana munhu akandiudza kuti Mweya Mutsvene uri kuwira mavari oramba Shoko raMwari kuve riri saizvozvo, pane chakatsveyama pazviri. Pane chakatsveyama nemaseminari edu, nezvimwe zvakadaro, pavanodzidzisa vanhu zvose izvi pano dzidziso yebhaibheri isina musoro nezvinhu zvanhasi. Varume ivavo vaizoita zvimwe chete vachipesana neShoko raMwari, uye vovatangamirira chaiko kupinda mukuuraiwa ikoko kwemachechi zasi uko, handiti, zvirokwazvo, zvakaipa.

¹⁵⁰ Ndinozvitaure muZita raShe! Tarisai muone kana Chisiri chokwadi, Chiedza, Chiedza chenguva!

¹⁵¹ Zvitendwa zviya zvakatonhora hazvimbofa zvakakwanisa kuunza goho. Tinofanira kuva neChechi yakasukwa muRopa reGwayana, uye tova vamwe neShoko, tova Chechi.

¹⁵² Zvadzera zvekereke zvanhasi, Jesu akati, zvinonyengera zvikuru, “Vasanangurwa potse dai zvaibvira.” Vasanangurwa

chete! “Asi sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa, pakaponeswa mweya 8, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu.” Vashoma-shoma, kwazvo vachaponeswa panguva iyoyo.

¹⁵³ Chinoita sei? Chinotungamira kuenda kunouraiwa. Tinozviona murima rino razvino ratiri kurarama. Ndave kuvhara, nekutaura izvi. Murima rino razvino ratiri kurarama, mazuva ano atiri kurarama maari, apo Chiedza chadzimwa kumatenga, Chakadzimwa pakati pano, kare, kuti chitiratidze; zvakaraidzwa neBhaibheri, paZvisimbiso Zvinomwe, izvo zvaitora nzvimbo. Uye pano Mwari vanozvzivisa chaiko kudenga, vanouya pasi chaipo vozvzivisa panyika. Uye machechi achifamba achipinda mazviri chaimo!

¹⁵⁴ Ndiani achaponesa Mwenga mudiki uya unochengeta Shoko zvino? Chii chichaitika kwaUri kana Waendeswa kunze muchando, Uri wega? Haasi kuzotonhorwa, Shoko rakasimbiswa revimbiso zuva rino. Oo, hongu. Zvakafanana ne...

¹⁵⁵ Zvinodzungaidza, ndinoziva kuti zvinodaro, kuvanhu, kuona chechi ichingoti, “Zvino, zvinenge zvakangoda kufanana.” Jesu akati zvaizova saizvozvo. Zvaizove, kusvika, “Zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.” Oo, hongu. Hongu, changamire.

¹⁵⁶ Zvinongondiyeuchidza nezvemumwe muchinda muFlorida, nguva pfupi yapfuura. Aitaura, akati aive nemota yeChevrolet yakamufira ari muFlorida, ndokuti akaenda nayo kugaraji. Zvino makanika uyu aifamba ipapo, uye akabatanidza zvinhu zvose pamwe chete, zvino haana kukwanisa kuimutsa. Akaisa zvinhu zvose mairi, zvaaikwanisa. Akaisa zvinhu zvitsva zvese izvi zvakasiyana-siyana, asi, neimwewo nzira, hazvina kutomboshanda. Zvino haana kukwanisa kuimutsa. Akangoramba achiedza nekuedza. Makanika mudiki aive ongohuta-huta, akamhanya-mhanya, nechivakwa chose, achinhonga ichi.

¹⁵⁷ Zvino murume akamira, achiti, “Ndakamirira motokari yangu, changamire. Ndanonoka. Muri kuitadza here?”

¹⁵⁸ Akati, “Ndiri kuita zvese zvandinogona kuita,” achihuta-huta chaizvo nekuenderera. Zvino akafamba hake.

¹⁵⁹ Kamwe-kamwe mumwe muchinda aive akapfeka zvakanaka akafamba achiuya ndokumutarisa kwekanguva, zvino akati kuna makanika uyu, mushure mekunge amuregedza achitenderera musoro kwechinguvana, akati, “Wadii wangobata ichi? Hausi kuwana kana moto apa.”

¹⁶⁰ Saka akati, “Handina kumbozvifunga izvozvo.” Saka akangotenderedza kamwe kanhu kaya, hameno kuti kaivei, ndokubva awana mo—moto mukati, motokari ndokumuka.

161 Akacheuka ndokuti, “Ndimi ani?” Munoziva here kuti aiva ani? Injiniya mukuru we—we General Motor. Ndiye akagadzira chinhu ichi. Ndiye akachigadzira.

162 Munguva ino, hama, patiri kushaya kuziva kuti idambudziko rei nerumutsiro rvedu, kuti chii chiri kunetsa? Tine zvinhu zvacho nezvose, tine hurongwa hwacho, asi ko Simba rinofambisa racho riripi? Ndizvo zvatina, kuunza Jesu Kristu panzvimbo. Chii chanetsa? Ndinokuudzai, pane Mumwe pano nhasi, hareruya, anonzi Mweya Mutsvene, anogona kubata Simba rinofambisa. Ndiye Simba rinofambisa hurongwa.

163 Timire nhasi, isu maPentekosti, imwe yemakereke makurusa munyika, zviuru nezviuru zvichiwedzerwa gore negore, asi Mweya Mutsvene wacho uripi? Takaugamuchira, nekutaura nendimi, uye takaona maitiro awakaita. Methodisti inougamuchira, nokudanidzira. Luther anougamuchira, nokutenda, nezvimwe zvakadaro. HandiWo.

164 IShoko! IShoko rakabatidzwa, Chiedza chinobatidza hurongwa hwobva hwava Simba rinofambisa. ISimba rinofambisa, kana Simba rinofambisa, kana Simba rinofambisa rauya pahurongwa. Rinotanga kufambisa chinhu chacho. Ndizvozvo chaizvo. Tora Shoko. Kana paine chinhu chidiki chisipo, paRiri, hazvifambi. Siyai parutivi zvinorema zvese, chitevedzwa chese, chitendwa chese, kuti Simba rinofambisa, Mweya Mutsvene, ugone kuyerera nemuShoko uye ugosimbisa Shoko rakavimbiswa rezuva rino; zvino Chechi huru yaMwari ichasimuka netsoka dzayo sendege inofambiswa nesimba rejeti, yotunga kumatenga kunosangana naTenzi wayo. Ndizvozvo chaizvo. Kusvikira taita izvozvo, hazvishande. Ndizvo zvakaitika. Hongu, changamire. Ndiani achazviita? Ndiani achazvichengeta muzuva rino ratiri kufunga nezvaro? Rangarirai, rangarirai, hama.

165 Zvino zvinondiyechidza nezve imwe nyaya diki. Ndisiri kudzokera kunyaya, asi shamwari yangu yakanga imire kuCarlsbad, New Mexico, pataiveko tichiita musangano kumusoro kuCarlsbad. Zvino kwaiva neboka revanhu vakadzika mubako iri.

166 Oo, ini—ini handina kumbofarira zvinhu izvozvo, zasi ikoko kwakadzika, uye ingangoita maira pasi. Ini, ndakagutsikana kumusoro kuno. Saka, vakadzika kunosvika zasi. Ini ndinoda kuramba ndichienda kumusoro, kwete kudzika. Saka ini . . .

167 Vakatora muchinda uyu, ndokudzikamo. Zvino akanga ari shamwari yechirume, nemwanasikana wake mudiki nemwanakomana wake mudiki vakaenda zasi navo. Ndo—ndokudzika zasi-zasi mukamuri huru yepasi, oo, ndinofungidzira, mazana nemazana nemazana emafiti pasi penyika, vakaenda zasi ikoko. Zvino murume uyu ikoko aive paswichi, kamwe-kamwe [Hama Branham vanoridza minwe

yavo—Mupepeti] akadzima paswichi. Zvino maive makasviba kuti ndoo muri murima, kusvikira waisagona kuona ruoko rwako rwuchifamba pamberi pechiso chako. Kamwe kasikana kadiki, kanhu kadiki, kakatya chaizvo. Kakatanga kuridza mhete nezwi riri pamusoro, “Oo, mune rima! Mune rima! Mune rima,” achiridza mhete zvekunge abatwa nemamhepo.

¹⁶⁸ Hanzvadzi yake diki yakanga imirepo. Yakadanidzira murima imomo, ndokuti, “Usatya hako, hanzvadzi yangu diki, pane murume pano anogona kubatidza chiedza.”


¹⁶⁹ Hareruya! Ko Chechi diki ichaita sei? Usanetseke. Pane Murume pano nhasi uno anogona kubatidza Chiedza, ndiye Ishe Jesu Kristu. Oo, hongu. Ishe Jesu Kristu!

¹⁷⁰ Rangarirai, mapofu...varume va—vapfumi mumazuva ekuzvarwa kwaJesu, havana kudzingirwa kunze nekupofomadzwa nechadzera cheJerusarema pavakasvikako, vachibvunza nezvaKe. Dzidziso yavo yebhaibheri—dzidziso yebhaibheri haina kukwanisa kuzvitsanangura. Asi pavakatsauka, vakaChitevera kuenda kuChiedza cheHupenyu Husingaperi.

¹⁷¹ Imi vanamuzvinabhizimu nhasi, musatarise zvadzera zveasangano aya, asi batirirai paShoko. Rinokutungamirirai kuChiedza. Usatya, hanzvadzi duku, pane Murume pano Anogona kubatidza Zviedza. Kuna Kristu pano Anokwanisa kuita kuti Shoko raKe rigorarama zvimwe chete sezvaAiva kare, oZvisimbisa kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here?

Ngatisimukei.

¹⁷² Ndine maminiti 15 asara panguva yokuti ndiende kumusangano unotevera. Ungada kusimudza maoko ako here woti, “Mwari, batidzai chiedza pandiri, mangwanani ano. Ndinotenda Shoko. Ndinotenda hurongwa. Isai Simba rinofambisa mandiri, Ishe”? Simudza maoko ako udane kwaVari, “Ishe, batidzai Zviedza!” Pane Murume pano anogona kubatidza Zviedza. Takafa, mucommunism, uye takadyiwa nemhando dzose dzemagwatakata emasangano, asi pane Murume pano Anokwanisa kubatidza Zviedza. Murume iyeye ndiMweya Mutsvene, pachaWo, Jesu Kristu achiratidzwa muMweya!

¹⁷³ Ishe Jesu, batai rimwe nerimwe remaoko aya; kwete maoko chete, asi dzikai neruoko kumoyo, mubatidze Chiedza cheVhangeri. MuZita raJesu! 

64-0125 Batidza Chiedza
Ramada Inn
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org